**Конспект ООД: «Сан Нохчийн мотт»**

**1алашо:** Нохчийн матте болу безам совбаккхар.
**Билгалбаьхна кхиамаш:**
-Берашна шай ненан матте безам кхоллалур бу.
-берашна Нохчийн маттан сий дан лаам хир бу.

**ООД д1аяхьар**

**Маршалла хаттар**
-Бераш, шу марша дог1ийла!
-Делан пурбанца вай д1адолур ду хьара хьехарансахьт.

Воспитатело д1айоьшу байт:
Бекалахь нохчийн мотт,
Сан къоман аз хилий.
Сингаттам беъначохь,
Пондаран мерз хилий.

Сатесча Даймахке,
Шовданан ч1уг хилий.
Самукъа даьллачохь,
Мехкарийн йиш хилий!

Ненан къинхетамехь,
Дас лучу хьехамехь,
Бекалахь Нохчийн мотт,
Даимна бекалахь!

-Стенах лаьцна ю байт ? (ненан маттах)
-Хьан белна вайна мотт ? (Дала)

Воспитатело дуьйцу:

Ненан мотт-нохчийн мотт! Х1ун хир ду дуьненахь хьол мерза, деза? Дуьненах уггаре баккхийчу тамашех цхьаъ адаман мотт бу. Адам кхидолчу дийнатех къасточу билгалонех коьртаниг а мотт бу. Ма-дарра аьлча, адамах адам дийриг а адаман мотт бу. Дуьненах дехачу х1ора къомана а шен мотт белла Далла. Шен ненан маттаца кхуьуш ю къоман культура, литература, искусство. Ала деза, къоман уггаре а еза, уггаре а сийлахь хазна ю оцу къоман Мотт. Буьйцучу маттаций бен цхьа а х1ума дийца йиш яц вайн, цхьана а х1уманах лаьцна х1умма а ала а, дийца а адамийн таро хир яцара, буьйцуш болу аьзнийн мотт ца хилча. Мотт- иза къоман са, адамаллин куьзга ду, массо х1уманан а бух бу. Цуьнца доьзна ду халкъан дерриге а дахар: уьйраш, болх, гергарло, хазахетар, халахетар, сий, яхь, хьекъал, кхетам. Халкъан кица дало

лаьа суна кхузахь: « Мотт бу-къам ду, мотт бац-къам дац». Сецна бакъ ду, мотт вай лар ца бахь, цуьнан сий ца дахь, вай къоман сий дужур ду. Вай нохчий ду. Веза-Воккхачу Далла кхоьллина вай нохчий: цо делла вайна нохчийн сибат; цо делла вайна нохчийн г1иллакхаш, ламасташ; цо белла вайна Нохчийн мотт! Со йинчу, х1ара дерриг а Дуьне вайна совг1атанна деллачу, вайн цхьаъ бен йоцчу, кхин хилла йишйоцчу  сан Ненан мотт-х1ун хир ду цул деза, цул сийлахь, цул хьоме?! Нохчийн мотт –вайн къоман аз ду, вайн къоман илли ду, вайн къоман назма ю. Ненан матто вай 1амадо Даймохк беза. Цо 1амадо вайна дуьненан а, адаман а хазалла йовза. Дуьйцийла йоццуш, шен мотт ца хуу стаг даима юьхь1аьржа хир ву, шен къоман хьалха хилла ца 1аш, кхечу къаьмнашна хьалха а, х1унда аьлча, цунна евзар яц къоман синан к1оргенаш, бевзар бац цо луш болчу кхачанан чам. Муьлхха а стаг цу хьолехь хилар, яхь цахилар, ледара хилар ду. Иштта ца хила, суна хетарехь, йохье а дуьйлуш, 1амо беза вай вайн дайша, наноша хьост санна, ларбеш, ц1ена латтийна вешан ненан мотт. Наггахь хеза вайна: «Иза вовшех кхеттал бийца хиъча а тоьар дара», - олуш. Ма - дарра аьлча, и стаг  шен къомах цавашар ду. Иза д1адахнарг а, хиндерг а доцу стаг ву. Цу докъазаллах  Дала лардойла вай!

**Сада1аран миноташ:**

Эх1, ма хаза бу-кха иза!
Муттанах и ма бу буьзна.
Куьг ахь кховдош лаккха,
1аж цу т1ера баккха.
Мохо генаш лестадо,
Соьга 1аж ца баккхало.
 Кхоссалуш, куьг кховдор ду,
Сихха 1аж схьабоккхур бу!

**Воспитатело берашка хаттарш до, ша динчу къамелах лаьцна:**
-Бераш, шун безий шай ненан мотт?
-Ненан мотт х1унда олу цунах?
-Стенца къастало адам кхидолчу дийнатех ?
-Х1ора къоманбу шен мотт?
-Х1ун ю аьлл хета шунакъомана уггаре  еза, сийлахь хазна ?

Бераш, шун цхьанне ненан маттах байташ хаи?
(Бераш байташ олу)

**Рефлекси**

- Бераш таханлерчу хьехаран сахьтехь шуьна керла хьун хиира?

- Уггаре хаза хьун хийтира шуна?

- Муьлхарг бу ненан мотт?